

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar métode panalungtikan ngawengku: sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik panalungtikan, léngkah-léngkah panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

3.1 Sumber Data

Sumber data nya éta subjék tempat data dipibanda. Saupama panalungtik ngayakeun kagiatan wawancara dina ngumpulkeun data, ku kituna sumber datana réspodén nya éta jalma anu ngaréspon atawa ngajawab patalékan-patalékan panalungtik boh sacara lisan boh tinulis. Saupama panalungtik ngagunakeun téhnik obsérvasi, sumber datana nya éta barang, tingkah paripolah, atawa prosés hiji hal. Saupama panalungtik ngagunakeun téhnik dokuméntasi, sumber datana mangrupa kumpulan catetan (Arikunto, 2006: 129).

Sumber data kabagi jadi dua nya éta: (1) sumber data primer jeung (2) sumber data sekunder. Sumber data primer nya éta sumber data dimana data bisa langsung kapanggih tina hasil obsérvasi lapangan kaasup labolatorium. Sedengkeun sumber data sekunder nya éta sumber data tina bacaan (Nasution, 2009:143).


Sumber data primer tina ieu panalungtikan aya dua. Kahiji , *Carita Pantun Sri Sadana atawa Sulanjana anu dilalakonkeun ku Ki Atjeng Tamadipura, tuluy ditranskripsi jeung diterbitkeun ku Ajip Rosidi hasil tina Proyék Penelitian Pantun taun 1970* (Tingali lampiran 1). Kadua nya éta ahli dina widang tari. Kumpulan kecap-kecap anu aya dina Carita Pantun Sri Sadana atawa Sulanjana mangrupa sumber data dina wangun dokumén. Sedengkeun ahli dina widang tari mangrupa informan anu diperlukeun pikeun meunangkeun data ngeunaan Tari Sulanjana.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun pasualan-pasualan panalungtikan. Desain panalungtikan nuduhkeun gambaran utama tina panalungtikan anu baris dilakukeun (Arikunto, 2010:175).

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif. Hal-hal anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta: (1) struktur semiotik tina Carita Pantun Sri Sadana atawa Sulanjana anu ngawengku: (a) struktur formal, (b) struktur naratif, jeung (c) struktur semiotik, (2) transformasi Carita Pantun Sri Sadana atawa Sulanjana kana Tari Sulanjana, jeung (3) unsur-unsur semiotik naon waé anu kapanggih tina transformasi.


Desain tina ieu panalungtikan dibagankeun di handap:




Bagan 3.2 Desain Panalungtikan

Carita Pantun Sulanjana mangrupa salasahiji karya sastra anu sipatna otonom, diwangun ku struktur-struktur. Ku kituna, Carita Pantun dianalisis maké ulikan struktur semiotik. Struktur anu dianalisisna nya éta struktur formal jeung struktur naratif carita pantun. Tina struktur naratif jeung formal dianalisis unsur-unsur semiotikna. Sangkan hiji karya bisa tetep nanjeur ti mangsa ka mangsa, diayakeun kagiatan *transformasi* karya. Anu unik, dina seni pintonan dipikawanoh tari Sulanjana. Analisis struktural-semiotik jeung transformasi tina Carita Pantun Sri Sadana atawa Sulanjana dibandingkeun tuluy dianalisis unsur semiotikna.

Desain panalungtikan di luhur disusun dumasar kana léngkah-léngkah panalungtikan ieu di handap:





3.3. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa cara anu digunakan ku panalungtik pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode deskriptif. Ieu méthode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat sacara faktual, sistematis tur akurat (Suyatna, 2002:14). Fakta-fakta anu dipaluruh nya éta ngeunaan struktur semiotik carita pantun Sri Sadana atawa Sulanjana. Metode déskriptif mangrupa akumulasi data dasar dina wangun deskriptif, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, sarta teu meunangkeun

makna implikasi. Ieu métode bisa ngagambarkeun karakteristik carita pantun Sulanjana jeung tari Sulanjana. Ngaliwatan ieu metode, panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat struktur semiotik Carita Pantun Sulanjana jeung Tari Sulanjana. Didéskripsikeun struktur formal jeung naratif Carita Pantun Sulanjana, unsur semiotik tina struktur Carita Pantun Sulanjana sarta didéskripsikeun ogé unsur semiotik tina Tari Sulanjana.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan nu maca teu salah tafsir kana ieu panalungtikan, ku kituna ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan istilah di handap.

- 1) Transformasi sastra nya éta parobahan wangun, fungsi, ide, atawa amanat tina hiji wangun karya sastra kana wangun séjén seni séjénna.
- 2) Carita pantun, atawa lalakon pantun nya éta carita anu biasa dilalakonkeun ku juru pantun dina pagelaran ruatan (ritual) anu disebut mantun.
- 3) Carita pantun Sulanjana nya éta salasihiji carita pantun anu eusina nyaritakeun asal muasal alam dunya jeung carita asal muasal paré.
- 4) Tari nya éta salasihiji karya seni dina wangun gerak ritmis anu lepas tina unsur ruang jeung waktu, mangrupa kedaling rasa, émosi, jeung tindakan paripolah hiji jalma.
- 5) Ulikan struktural-semiotik nya éta nya éta salasihiji pamarekan sastra anu matalikeun yén sastra téh mangrupa hiji struktur anu gembheng jeung mangrupa sistem tanda.

Jadi maksud tina judul “Transformasi Carita Pantun Sulanjana kana Tari Sulanjana (Ulikan Struktural-Semiotik)” nya éta mikanyaho atawa nalungtik kumaha hubungan antara carita pantun Sulanjana jeung tari Sulanjana ditilik tina struktur semiotikna.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa hal anu penting dina hiji panalungtikan, instrumén bisa mantuan panalungtik dina meunangkeun data. Instrumén mangrupa pakakas (*alat bantu*) anu digunakeun ku panalungtik pikeun mibanda data (Arikunto, 2006:149). Kahontal henteuna tujuan panalungtikan gumantung kana instrumén anu digunakeun.

Ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén kartu data jeung pedoman wawancara.

3.5.1 Instrumén Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun kalancaran klasifikasi, déskripsi data, jeung dokuméntasi. Dina kartu data aya nomer data, paragraf, analisis struktur carita pantun.

Kartu Data Analisis Carita Pantun Sri Sadana atawa Sulanjana

No. :
Waktu Obsérvasi :
Kode :
Struktur semiotik:
Wangun Kalimah:

Conto analisis:

No. : 1
Waktu Obsérvasi : Senén, 24 Maret 2014
Kode : CPSS/CPS/1/1-2
Struktur semiotik: Struktur Formal-Rajah
Wangun Kalimah:

Manga nyanggakeun
 Hormatan karuhun sareng hatur baktosna
 Pun Ajip Rosidi
 Sareng nu kagungan lalakon
 Karuhun ti kidul
 Karuhun ti kulon
 Karuhun ti kalér
 Karuhun ti wétan
 Nyanggakeun lagu engko:

3.5.1 Kartu Data

3.5.2 Instrumén Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun maluruh data-data ngeunaan Tari Sulanjana ti ahli seni tari. Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara henteu *berstruktur*, informan teu kawatesanan dina ngébréhkeun pamadegan jeung pangaweruhna ngeunaan Tari Sulanjana.

Pedoman Wawancara Tari Sulanjana

1. Idéntitas Narasumber
 - a. Ngaran:
 - b. Umur:
 - c. Warna Jinis:
 - d. Pakasaban:
 - e. Atikan :
 - f. Basa nu dipake sapopoé:
 - g. Padumukan:
2. Saha nu nyipta Tari Sulanjana?
3. Kumaha sajarah Tari Sulanjana?

4. Tari Sulanjana kaasup *genre* tari anu mana?
5. Fungsi Tari Sulanjana?
6. Simbol-simbol anu aya dina Tari Sulanjana?
7. Ajén naon anu aya dina Tari Sulanjana?

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokuméntasi, ulikan pustaka, jeung wawancara. Téhnik dokuméntasi mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa catetan, transkrip, buku, jsb (Arikunto, 2006: 231). Téhnik dokuméntasi digunakeun ogé pikeun analisis struktur-semiotik Carita Pantun Sulanjana.

Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun maluruh data anu sumberna tina pabukon. Panalungtik neuleuman buku-buku anu aya patalina jueng konsép-konsép ngeunaan carita pantun, transformasi, jeung tari sulanjana.

Téhnik wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara méré patalékan-patalékan ka réspodén, jawaban-jawaban réspodén dicatet atawa dirékam. Téhnik wawancara digunakeun pikeun mikanyaho data-data ngeunaan tari sulanjana. Anu jadi réspodén dina ieu panalungtikan nya éta ahli-ahli dina widang tari boh anu aya di lingkungan formal saperti dosén Seni Tari boh di lingkungan informal saperti jalma anu mibanda sanggar tari.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun tangtuna kudu diolah pikeun didéskripsikeun sangkan bisa dijieun kacindekan ngeunaan data panalungtikan. Data anu geus dikumpulkeun diolah ngaliwatan sababaraha léngkah nya éta:

- 1) Data analisis struktur-semiotik carita pantun

Pikeun ngolah ieu data, panalungtik ngalakukeun sababarah léngkah nya éta:

- a. panalungtik nganalisis Carita Pantun Sulanjana ;
- b. hasil analisis dibaca jeung dibéré tanda;
- c. hasil maca dianalisis tur diklasifikasikeun dumasar strukturna;
- d. hasil analisis ditulis dina kartu data;

- e. kartu data disusun dina tabél; jeung
- f. nyieun kacindekan tina data anu geus diolah dina wangun perséntase.

2) Data hasil wawancara

Pikeun mikanyaho Tari Sulanjana, panalungtik ngayakeun wawancara ka ahli seni tari. Léngkah anu dilakukeun nya éta:

- a. panalungtik ngawawancara narasumber;
- b. hasil wawancara dianalisis;
- c. hasil analisis ditulis dina kartu data; jeung
- d. nyieun kacindekan.

3.8 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

Ieu panalungtikan disusun ngaliwatan opat léngkah, nya éta: (1) tahap tatahar, (2) tahap ngumpulkeun data, (3) tahap ngolah data, jeung (4) tahap nyusun laporan. Léngkah-léngkah panalungtikan dijéntrékeun ieu di handap:

1) Tahap Tatahar

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina tahap tatahar, nya éta (1) obsérvasi awal, (2) ngajukeun judul panalungtikan, (3) nyusun rarancang panalungtikan, jeung (4) konsultasi jeung dosén pangaping.

2) Tahap Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah dina tahap ngumpulkeun data, nya éta: (1) ulikan pustaka pikeun pamahaman awal kana masalah anu ditalungtik, (2) maca Carita Pantun Sulanjana bari dipasing-pasing sarta diklasifikasi, (4) ngayakeun obsérvasi ngeunaan Tari Sulanjana tina video atawa pagelaran tari, (5) ngayakeun wawancara jeung narasumber ngeunaan Tari Sulanjana, jeung (6) hasil wawancara dicatet atawa dirékam.

3) Tahap Ngolah Data

Léngkah-léngkah dina ngolah data, nya éta: (1) data Carita Pantun Sulanjana dipasing-pasing, (2) data dianalisis tuluy diklasifikasi, (3) nyieun kacindekan tina

hasil analisis data dina wangun déskripsi, (4) data ngeunaan Tari Sulanjana disusun, (5) nyieun kacindekan tina data wawancara dina wangun déskripsi, (6) ngabandingkeun dua data, (7) nyieun kacindekan.

4) Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan panalungtikan mangrupa tahap anu pamungkas. Data-data anu geus dikumpulkeun, dianalisis, tuluy dicindekkeun disusun dina wangun laporan kalayan sistematis dina wangun tésis.